दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–14.09.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पूर्णियां मे आयोजित कार्यक्रमक बिच बिहार के पैंतालीस हजार करोड़ टाका सँ बेसीक लागतबला हवाई जहाज, रेलवे, बिजली, कृषि सहित कतको विकास परियोजनाक शिलान्यास आओर उद्‌घाटन करताह। उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे प्रधानमंत्री कोसी–मेची लिंग परियोजनाक आधारशिला सेहो रखताह। जाहि पर दू हजार छओ सय अस्सी करोड़ टाका सँ बेसी खर्च होयत। एहि सँ उत्तर–पूर्वी बिहारक कतेको जिला मे सिंचाई कयल जायत। एहि सँ बाढ़ि नियंत्रण आओर कृषि क्षेत्र मे मजगूती भेटत। कार्यक्रमक बिच प्रधानमंत्री राष्ट्रीय मखान बोर्डक शुभारंभ करताह। श्री मोदी एहि बीच पीएम आवास योजना–ग्रामीणक पैंतीस हजार लाभार्थी सभ के गृह प्रवेश करौताह। श्री मोदी ई योजनाक लाभुक सभ के घरक कुंजी सेहो सौंपताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन हरेक दौरा पर बिहारवासी सभ के सौगता दैत छथि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री मोदी आओर मुख्मयंत्री नीतीश कुमारक अगुआई मे राज्य तेज गति सँ विकास कऽ रहल अछि।

---

दू दिवसीय राष्ट्रीय कृषि सम्मेलन अभियान काल्हि सँ नव दिल्ली मे शुरू भऽ रहल अछि। ई कृषि सम्मेलन विकसित कृषि संकल्प अभियानक दोसर चरणक हिस्सा अछि। एहि सँ रबी सत्र दू हजार पच्चीस– छब्बीसक उत्पादन आओर कार्य योजनाक मार्गदर्शन करब अछि। सम्मेलनक अध्यक्षता कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान करताह। समारोह मे देशभरि सँ आयल कृषि विशेषज्ञ सभ रबी फसिलक चुनौती पर चर्चा करताह।

---

आइ हिंदी दिवस अछि। आजुक दिन वर्ष उनैस सय उनचास मे संविधान सभा देवनागरी लिपि मे हिंदी के देशक राजभाषाक रूप मे स्वीकार कयने छल। आइ हिंदी दुनियाक सभ सँ बेसी बाजयवला भाषा मे सँ एक अछि आओर बावन करोड़ सँ बेसी लोक सभ पहिल भाषा अछि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ जनौलनि जे हिंदी मात्र संवादक माध्यम नहि अछि।

ई देशक पहिचान आओर मूल्यक जीवित धरोहर अछि। श्री मोदी लोकसभ सँ आग्रह कयलनि जे ओ हिंदी सहित सभ भारतीय भाषा के समृद्ध बनाबैथि आओर एहि के भावी पीढ़ि धरि लऽ जयबाक संकल्प लैथि।

———————————————————————————

एम्हर, गृहमंत्री अमित शाह हिंदी के बेसी आसान बनायब आओर एकर संग–संग क्षेत्रीय भाषा के बढ़ावा देबाक लेल जनौलनि। आइ गुजरातक गांधीनगर मे हिंदी दिवस आओर पांचम अखिल भारतीय राजभाषा सम्मेलन मे श्री शाह लोक सभ सँ मातृभाषाक सम्मान करैत हिंदीक समर्थन करबाक लेल जनौलनि। ओ जनौलनि जे सरकार हिंदी के बेसी सँ बेसी लोक धरि पहुंचेबाक लेल सारथी मंच आओर हिंदी शब्द सिंधु कोष शुरू कयलनि। गृहमंत्री विश्वास जतौलनि जे दू हजार उनतीस धरि हिंदी शब्द सिंधु कोष दुनियाक सभ सँ पैघ विश्व कोष बनि जायत।

———————————————————————————

एहि मौका पर राज्यपाल अपन संदेश मे लोक सभ सँ हिंदीक विकास लेल सदिखन काज करबाक संकल्प लेबाक आग्रह कयलनि। ओतहि मुख्यमंत्री राज्यवासी सभ सँ हिंदी भाषा मे काम–काज करबाक लेल जनौलनि। हिंदी दिवसक मौका पर राज्य भरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

सूचना आओर प्रसारण मंत्रालयक सचिव संजय जाजू जनौलनि जे वेव्स ओटीटी एक बढ़िया मंच अछि। एहि के आबयबला समय मे देशक वीडियो शेरिंग प्लेटफॉर्म जेहेन बनाओल जायत। पटना मे आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे श्री जाजू जनौलनि जे ई प्लेटफॉर्म पर दूरदर्शन, आकाशवाणीक लाइव चैनलक संग–संग प्रकाशन विभागक पत्रिका सेहो रहत। अपन दू दिवसीय दौराक पहिल दिन ओ आइ पटना मे दूरदर्शन केन्द्र मे मंत्रालयक सभ मीडिया बीच समीक्षा बैसक कयलनि एकर बाद श्री जाजू आकाशवाणी पटना आओर दूरदर्शन जा कऽ देखलनि।

———————————————————————————

एशिया कप टी–ट्वेंटी क्रिकेट प्रतियोगिता मे आइ भारतक मोकाबिला पाकिस्तान सँ होयत। ग्रुप–ए मे ई मैच राति आठ बजे सँ दुबई मे खेलल जायत। एहि बरख फरवरी के बाद दुनू टीम पहिल बेर भीड़त। आकाशवाणी पटना सँ ई मैचक प्रसारण कयल जायत।

————————————————————————

मिथिला सहित पूरा प्रदेश मे जितिया पावनि श्रर्द्धा आओर आस्थाक संग मनाओल जा रहल अछि। काल्हि नाहय–खायक बाद आइ महिला सभ अपन पुत्रक दीर्घायु होयबाक कामना सँ निर्जला उपास कऽ रहल छथि। एहि मे चौबीस घंटा अन्न–जल ग्रहण नहि कयल जाईत अछि। ठाम–ठाम महिला सभ एक संग बैसि कऽ पूजा–पाठक संग कथा सुनैत छथि। काल्हि पारन कऽ व्रती सभ निर्जला उपास तोडतिह। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि शुभ मौका पर राज्यवासी सभक जीवन मे सुख–शांति आओर समृद्धिक कामना कयलनि अछि।

————————————————————————

प्रदेश भरि मे आइ भोरे सँ थमि–थमि कऽ बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना अगिला चौबीस घंटाक बीच मधुबनी, दरभंगा, सीतामढ़ी, पटना, औरंगाबाद, भागलपुर आओर रोहतास सहित राज्यक सभ जिला मे बारिशक अलर्ट जारी कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त